



Pou Piblikasyon Imedya: 06/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN PREMYE INISYATIV MOBIL SOU  
SIVEYANS LÈ NAN TOUT ETA A**

***Siveyans kalite lè ipèlokal ak siveyans gas a efè sè yo ankou nan kominote yo ki  
twò chaje ak polisyon***

***Teknoloji katografi mobil Aclima, nan patenarya avèk sektè piblik Google la, ap  
deplwaye nan premye kat 10 kominote total yo - Bronx, Buffalo, Rejyon Kapital  
ak Manhattan***

***Gen 1 milyon dola ki disponib kounye a pou ranfòsman kapasite; 2 milyon dola  
anplis ki anonse jodi a pou sipòte siveyans kominotè lè***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman inisyativ istorik mobil sou siveyans kalite lè a ak gaz a efè sè nan tout eta a k ap deplwaye nan premye kat nan 10 kominote defavorize yo, kote gen apeprè senk milyon Nouyòkè k ap viv la—25 pousan popilasyon Eta a—nan zòn ki twò chaje ak polisyon nan anviwònman an. Nan travay an patenarya avèk òganizasyon kominotè yo, efò pou katografye polisyon lè ipèlokal ak gaz a efè sè yo nan tout eta a nan nivo kominote a se pi gwo inisyativ Eta New York te janm mennen. Inisyativ la ap itilize teknoloji kat mobil pwouve ak analiz pwofesyonèl nan Aclima, ki fonksyone sèlman sou Google Cloud. Siveyans lan ankou nan Bronx, Buffalo/Niagara Falls, Rejyon Kapital la, ak Manhattan, epi sis lòt kominote pral kòmanse siveyans otòn sa a. Inisyativ la gen yon finansman sibvansyon Eta a 3 milyon dola ki ranfòse li - 1 milyon dola ki disponib kounye a pou Sibvansyon Ranfòsman Kapasite pou Siveyans Lè nan Kominote, ak yon lòt 2 milyon dola nan nouvo finansman pral sipòte siveyans lè nan kominote pou konplete inisyativ Eta a.

"Pandan New York ap kontinye trase yon chemen ki pi vèt devan nou pou rann eta nou an pi pwòp ak an sante, n ap korije tou plizyè deseni enjistis anviwòmantal ki te peze anpil sou kominote defavorize yo pandan twò lontan". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Antanke yon moun ki te grandi nan lonbraj yon izin asye ki te kontribye nan syèl oranj ak polisyon Lak Erie, mwen konnen dirèkteman ijans batay nou an kont polisyon lè a ak chanjman klimatik. Nan lanse inisyativ istorik sa pou siveyans kalite lè a ak gaz a efè sè nan tout eta a, nou pral devlope estrateji pou rezoud pwoblèm kalite lè a nan kominote ki pi vilnerab New York yo, pandan l ap kontribiye nan objektif klimatik ki pi enpòtan nan eta a".

"Siveyans lè a pral ba nou done pou ede vini ak solisyon pou diminye gaz a efè sè yo ak lòt bagay ki polye lè a, epi li pral amelyore sante piblik alontèm", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Pwojè sa a pral gen yon gwo enpak sou rezidan yo toupatou nan Eta New York, sitou nan kominote nwa ak bren nou yo ki istorikman twò chaje ak polisyon".

Flòt siveyans mobil Aclima a pral kolekte done ipèlokal pou vini ak solisyon ki diminye gaz a efè sè ak lòt polyan lè danjere pou pwoteje sante piblik epi li pral enpòtan anpil pou devlope estrateji pou atenn objektif Lwa sou Lidèchip klimatik ak Pwoteksyon Kominotè prensipal New York la. Yo te idantifye 10 kominote yo chwazi pou siveyans an konsiltasyon avèk Gwoup Travay sou Jistis Klimatik (Climate Justice Working Group) la kòm yon fado polisyon lè ki pa pwopòsyonèl ki baze sou kritè CJWG devlope, epi gen ladan Buffalo/Niagara Falls, Capital Region, Bronx, Manhattan, Rochester, Syracuse, Mount Vernon/Yonkers, Brooklyn, Queens, ak Hempstead. Yo te detèmine limit yo pou siveyans nan chak zòn apati opinyon kominote a ak konpreyansyon aktyèl sou sous polisyon yo. Anplis de sa, Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ap fè patenarya ak òganizasyon kominotè yo ak responsab lokal yo nan chak zòn pou evalye done yo jwenn epi idantifye ak aplike solisyon pou redui emisyon danjere yo.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Basil Seggos, te deklare,** "Eta New York ap avanse byen vit ak inisyativ istorik sa a epi ap ogmante finansman pou sipòte patnè kominotè nou yo pou yo lanse travay enpòtan sa a nan katye yo ki te twò chaje ak polisyon anviwònman depi lontan. Li pale dirèkteman ak siksè lidèchip Gouvènè Hochul nan abòde chanjman klimatik epi bay sipò ak resous tankou 3 milyon dola jodi a pou inisyativ kominotè ki mennen nan amelyorasyon sante ak byennèt tout Nouyòkè yo. Depatman Konsèvasyon Anviwònman an pa ka tann pou li rejwenn anpil lidè jistis klimatik ak anviwònman nan New York pou devlope solisyon ki baze sou done ki benefisye sante piblik epi ki pral ede atenn objektif klimatik anbisyè nou yo".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon sou Klima a, Doreen Harris, te deklare,** "Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) sipòte efò Depatman Konsèvasyon Anviwònman an pou pi byen konprann polisyon atmosferik nan kominote ki defavorize yo ak enpak domaj li te genyen nan kominote sa yo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, New York ap fè amelyorasyon nan kalite lè a tounen yon priyorite nan kad travay global Eta a pou konbat chanjman klimatik epi kreye kominote ki pi sen pou tout Nouyòkè yo".

Aprè soumisyon yon Demann pou Kalifikasyon an oktòb, Eta New York te finalize yon akò pou itilize teknoloji deteksyon mobil ak platfòm lojisyèl Aclima pou jwenn ak analize mezi sou kalite lè a nan kominote ki defavorize yo, atravè kontra Eta a avèk Sektè

Piblik Google (Google Public Sector). Done siveyans lè Aclima a ap kolekte atravè detektè mobil sou machin flòt li yo ki mezire polisyon lè a nan yon nivo blòk pa blòk pandan diferan lè, jou ak sezon. An total, siveyans la pral bay yon premye tès depistaj sous kalite lè nan kominote pou plis evalyasyon. Rezilta yo pral enfòme aksyon Eta a, an kolaborasyon avèk patnè nou yo, pou diminye emisyon yo epi ede abòde difikilte sante ak inegalite nan kominote polisyon lè a afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse pou premye fwa inisyativ sou siveyans lè kominote a pandan Semèn Klima. Pou asire patisipasyon kominote a nan pwosesis la, Diskou 2022 Gouvènè Hochul sou Sitiyasyon Eta a te mande Depatman Konsèvasyon Anviwònman an pou ogmante finansman yo te anonse deja pou Sibvansyon Ranfòsman Kapasite Siveyans Lè nan Kominote soti nan 500,000 pou 1 milyon dola. Finansman sa a disponib kounye a pou sipòte ranfòsman kapasite pou òganizasyon kominotè ki elijib ki sitiye nan 10 kominote yo idantifye yo oswa k ap sèvi yo. Sibvansyon pou ranfòse kapasite a ka itilize pou, men se pa sa sèlman, devlope oswa ranfòse pwogram ki egziste deja ki konsantre sou diminye ekspozisyon ak amelyore sante piblik nan kominote polisyon lè a afekte yo, oswa sipòte angajman kominote a nan pwogram siveyans lè eta a. Fon Pwoteksyon Anviwonman (Environmental Protection Fund, EPF) Eta ap sipòte opòtinite sibvansyon sa avèk lajan ki deziyen pou jistis anviwònmanal. Montan prim endividyèl yo pral varye ant 50,000 a 100,000 dola. Depatman Konsèvasyon Anviwònman an ap aksepte aplikasyon jiska 14 septanm 2022 nan 3 p.m. atravè Pòtay Sibvansyon Eta New York la.

2 milyon dola adisyonèl yo anonse jodi a, pou yon total 3 milyon dola, pral bay sibvansyon pou amelyore kapasite gwoup kominotè k ap travay sou plas nan zòn sa yo pou kontribye oswa ranfòse pwòp efò siveyans sou kalite lè a. Finansman adisyonèl sa a pral pèmèt tou pi gwo kontribisyon nan idantifikasyon ak seleksyon envestisman nan teknoloji san kabòn ak lòt estrateji rediksyon emisyon nan katye lokal yo. Montan prim pou nouvo opòtinite sibvansyon sa yo pral varye, men yo pral finanse jiska 100,000 dola pou pwojè sou ranfòsman kapasite yo pou ranfòse òganizasyon yo atravè fòmasyon, acha ekipman siveyans lè, teknoloji detektè, angajman kominote ak edikasyon, oswa sipò konsiltan, ak jiska 500,000 dola pou sipòte siveyans lè nan kominote. Yo pral anonse plis enfòmasyon sou opòtinite sibvansyon sa yo byento.

Anplis de sa, Aclima te anonse ke BlocPower, yon jèn antrepriz teknoloji klimatik ki baze nan New York ki rapidman ap rann anba lavil Ameriken yo ekolojik, ap travay avèk Aclima ak kominote li ak patnè gouvènman an yo pou fòme ak anplwaye mendèv estajyè yo pou opere rezo detektè anviwònman mobil ipèlokal Aclima a. Atravè patenarya a, BlocPower pral bay Aclima sipò pou rekritman ak devlopman mendèv, pou li jwenn talan nan kominote ki afekte yo.

**Ko-Fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral Aclima, David Herzl, te deklare,** “Avèk angajman istorik Gouvènè Hochul te pran, New York se premye eta nan nasyon an ki mezire polisyon lè a ak gaz a efè sè nan nivo blòk nan yon anplè ki reponn ak kriz klimatik la avèk ijans epi ki rive atenn demann li yo. Nou fyè pou nou sipòte apwòch inovatè Eta a ki baze sou done ki pral ede bay priyorite ak rediksyon emisyon yo epi

kreye travay nan kominote ki pi bezwen aksyon klimatik. New York ap kreye yon nouvo modèl pou nasyon an ak monn lan ki fè kriz la tounen opòtinite, ki leve moun pandan l ap retire emisyon yo, epi ki rasanble pi bon lide ki soti nan kominote ki nan premye liy yo, sektè prive a ak lejislasyon yo".

**Direktè Jeneral Gouvènman Eta ak Lokal Etazini ak Sektè Piblik Google pou Edikasyon, Brent Mitchell, te deklare,** "Nou fyè pou nou fè patenarya avèk Aclima pou sipòte Eta New York pou pi byen konprann kòz rasin polisyon lè, nan tout lari ak tout blòk. Atravè Aclima ak Sektè Piblik Google, eta a pral jwenn yon imaj apwofondi sou modèl polisyon ak analiz done entegral pou amelyore non sèlman kalite lè a, men tou sante piblik nan kominote atravè eta a".

**Fondatè BlocPower, Donnell Baird, te deklare,** "Gouvènè Hochul ak Eta New York ap dirije monn lan sou inovasyon klima, aplikasyon klima, ak travay klima ki peye gwo salè. Kòm done ki soti nan premye envestisman Eta New York ap fè yo vin piblik, sa ap vin pi klè toujou ke Eta New York ap dirije monn lan nan atake kriz klimatik la— pwoblèm ki pi ijan nan epòk nou an".

Pwogram nan pral idantifye enfòmasyon ipèlokal sou enpak kalite lè nan zòn sa yo ki twò chaje epi ede Eta a idantifye aktivite soulajman yo, ki ka sipòte objektif New York tou pou redui emisyon gaz a efè sè yo nan 85 pousan dis 2050. Premye siveyans mobil nan tout eta a konplete efò ki egziste deja Depatman Konsèvasyon Anviwònman an pou mezire nivo polisyon lè deyò nan plis pase 50 sit atravè Eta a lè l sèvi avèk enstriman kontinyèl ak/oswa manyèl. Depatman Konsèvasyon Anviwònman an rapòte mezi sa yo bay [API Sistèm Kalite Lè \(AQS\) EPA](#). Depatman Konsèvasyon Anviwònman an bay yon [previzyon Endis sou Kalite Lè \(AQI\)](#) pou kèk polyan ki ta ka danjere pou sate moun ak [done mezi kalite lè aktyèl](#) pou Eta New York. Anplis de sa, òganizasyon kominotè nan Vil New York yo te reyalize siveyans kalite lè ipèlokal tou pou ede enfòmè rezidan yo ak lejislasyon yo sou emisyon espesifik yo ak lòt pwoblèm anviwònmantral oswa sante piblik yo.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekite nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan Lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmasyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, envestisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a dis 2035. Selon Lwa sou Klima a, New

York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

### **Enfòmasyon sou Aclima**

Aclima se pyonye yon fason ki totalman nouvo pou fè dyagnostik sante lè nou an epi swiv polisyon ki chanje klima a. Alimante avèk rezo detektè itineran ak fiks, Aclima mezire polisyon nan lè a ak gaz a efè sè nan anplè ki san parèy epi avèk rezolisyon blòk pa blòk. Lojisyèl analiz pwofesyonèl yo, Aclima Pro, tradwi plizyè milya mezi syantifik sou fòm ransèyman anviwònmanal pou gouvènman, konpayi ak kominote yo. Aplikasyon gratis yo a, [air.health](#), katografye enfòmasyon sou lè ak klima nan nivo adrès pou kominote yo sèvi yo. Aclima se yon konpayi teknoloji ki baze sou objektif ki katalize aksyon klimatik odasye ki pwoteje sante piblik, diminye emisyon epi bay lè pwòp pou tout moun.

### **Enfòmasyon sou BlocPower**

BlocPower se yon konpayi teknoloji klimatik ki baze nan Brooklyn k ap rann vil Ameriken yo ekolojik byen vit. Depi kreyasyon li an 2014, konpayi an te konplete pwojè enèji nan plis pase 1,200 bilding epi li bay rezilta anvan dat ki prevwa epi ki mwens pase bidjè. BlocPower itilize lojisyèl pwopriyetè li pou analiz, lokasyon, jesyon pwojè, ak siveyans nan pwojè enèji pwòp iben yo epi kliyan li yo ap ekonomize 20-40% sou bòdwo enèji yo chak ane.

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418